



Pou Piblikasyon Imedya: 12/10/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE REKÒ APRE PANDEMI AN NAN TRANSPÒ AK OMNY YO

Metro-North Railroad te bat rekò nan transpòte 193,000 pasaje nan madi 11 oktòb

Metwo a te bat rekò wikenn pandemi an avèk 2.396 milyon pasaje nan samdi 8 oktòb

Metwo OMNY te bat rekò wikenn pandemi avèk 1.071 milyon kat ki pase nan samdi 8 oktòb

Long Island Rail Road te atenn 203,000 pasaje

Access-A-Ride te bat rekò pandemi an avèk 28,500 vwayaj ki te anrejistre nan jedi 6 oktòb

[Gade done transpò pasaje chak jou](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Metro-North Railroad Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) an te bat rekò transpò pasaje nan epòk pandemi an, yè madi 11 oktòb avèk 193,000 pasaje, sa ki depase rekò anvan yo ke yo te etabli nan 20 septanm. Anplis de sa, samdi 8 oktòb, metwo Vil New York la te transpòte 2,396,000 pasaje ki te reprezante 73.4 pousan nan nivo anvan pandemi, sa ki te depase rekò pasaje yo nan wikenn pandemi ki te 2,388,000 ki te fikse de semèn anvan. Metwo OMNY te gen yon nivo rekò 1,071,000 milyon kat ki pase san kontak tou pou wikenn yo jou sa a. Access-A-Ride te bat tou yon rekò nan pandemi ki se 28,500 vwayaj ki te rezève nan jedi 6 oktòb, apeprè 90 pousan nan nivo anvan pandemi.

"Mwen kontan wè Nouyòkè yo kontinye bat rekò transpò pasaje yo epi mwen anvi wè nan ki pwenn elan sa a ka mennen nou", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Transpò piblik se non sèlman yon fason ki bon pou anviwònman an ak abòdab pou vwayaje nan vil New York ak Eta a, men tou se pi bon fason pou jwi tout sa New York gen pou ofri".

Prezidan Metro-North ak Prezidan Pwovizwa Long Island Rail Road Ian, Catherine Rinaldi, te deklare, "Kantite sa yo pwouve sa nou deja konnen: pou moun ki te ale nan

Bronx oswa nan katye nò yo, oswa lès pou Connecticut, Metro-North se pi bon fason pou ale. Epi avèk Yankees yo sou wout pou yo ranpòte Seri Mondyal la pou premye fwa depi 2009, fanatik Yankees yo konnen fason ki pi rapid, pi bon mache ak pi an sekirite pou ale nan match lakay yo nan estad la se transpò piblik".

Prezidan Transpò Komen Vil New York (New York City Transit) la, Richard Davey, te deklare, "Vil New York de retou epi tren okipe yo nan wikenn yo pwouve sa. Transpò piblik se fason ki pi rapid, ki pi fasil, ki pi respekte anviwònman an epi ki pi rantab pou w ale nan vil la, epi n ap wè pi plis moun k ap pwofite sa chak jou. Pasaje yo ka konte sou transpò piblik pou mennen yo kote yo bezwen ale, kit se nan travay, lekòl, oswa rekreyasyon nan wikenn yo ak pandan tout semèn nan".

Direktè Aksesibilite MTA, Quemuel Arroyo, te deklare, "Pandan rekiperasyon New York ap kontinye rapid, MTA ap trase wout la nan kreye yon eksperyans vwayaj fasil ak konfòtab pou kliyan ki gen andikap. Nouyòkè ki bezwen ale nan minisipalite yo ka konte sou MTA pou mennen yo nan destinasyon yo epi dènye rekò yo montre nou sou bon chemen an".

Direktè Pwovizwa Sèvis Kliyan MTA, Shanifah Rieara, te deklare, "OMNY se fason ki pi rapid, ki pi efikas pou pasaje transpò piblik yo peye tikè yo nan metwo ak otobis yo, epi dènye dosye wikenn nan montre Nouyòkè yo ap peye ak kat san kontak an pi gwo kantite. Nou ankouraje kliyan yo pou yo pwofite fasilite peman san kontak nan fason ki pi pratik pou yo, kit se nan bous dijital yon aparèy entelijan oswa atravè kat san kontak".

Madi, 11 oktòb, tren an te gen yon lòt gwo jou nan transpòte 3,642,000 pasaje, epi lè li te konbine avèk pasaje otobis yo, New York City Transit te transpòte yon ti kras mwens pase 5 milyon Nouyòkè.

OMNY, oswa One Metro New York, te kòmanse bay piblik la an 2019 kòm yon faz pilòt nan 19 estasyon metwo ak nan otobis Staten Island yo. Deplwaman sistèm san kontak la te fini nan mwa desanm 2020, avèk tout 472 estasyon metwo yo ak tout flòt 5,800 otobis MTA a ekipe kounye a avèk apeprè 15,000 lektè OMNY.

Otorite a te lanse pwogram pilòt OMNY pou limite tarif yo nan metwo ak otobis yo nan kòmansman ane sa a. Pwogram pilòt sou limit tarif la gen ladan yon opsyon "Luck 13" kote, apati 13yèm vwayaj chak semèn, chak vwayaj sipleman nan metwo oswa bis yo gratis pou rès semèn sa.

Long Island Rail Road te transpòte plis pase 203,000 kliyan madi, ki depase 200,000 pasaje pou twazyèm fwa mwa sa a ak sizyèm fwa depi jedi 1ye septanm lan.

Nan tren banlye yo, LIRR ak Metro-North te kontinye ofri pake rabè sou tarif ki gen ladan yon rabè 10 pousan pou lese pase chak mwa yo, ak yon nouvo tikè pou 20 trajè ki adapte pou orè travay ibrid la. Nouvo tikè 20 vwayaj la ekonomize pasaje yo 20 pousan sou pri tikè maksimòm senp yo. Pou pasaje tren banlye yo k ap vwayaje nan senk minisipalite yo, MTA te elaji Tikè Vil la tou, ki ofri yon pri redui, inik 5.00 dola pou

vwayaj tren nan Vil New York nan wikenn, pou enkli tout tren ki pa nan pik yo pandan lasemèn yo.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418